

LEMBAR KEGIATAN BELAJAR

Mata Pelajaran : Basa Jawa
Kelas/Semester : IV/1
Hari, tanggal : Kamis, 14 Oktober 2021
Materi : Pesan moral crita rakyat
Tujuan Belajar : Peserta didik dapat menentukan pesan moral crita rakyat

Bocah-bocah minggu wingi bocah-bocah sinau babagan unsur intrinsik crita rakyat. Unsur intrinsik crita rakyat yaiku : tema, latar, pesan moral/amanat, paraga lan watake, lan alur. Ing dina iki bocah-bocah arep sinau njlentrehake Pesen Moral Teks Cita Rakyat.

Apa sing diarani pesan moral /Amanat iku ?

Pesan moral yaiku pitutur luhur utawa piwulang sing bisa kapethik saka crita rakyat. Pesen moral uga diarani amanat kang wujud pitutur becik kang ana crita. Supaya bisa mangretni isine ajaran moral ing teks crita rakyat.

Saiki coba wacanen crita rakyat ing buku tantri halaman 54 kanthi irah-irahan " Grojogan Roro Kuning" banjur garapen liveworksheet ngisor iki kanthi tliti !

Bocah-bocah uga bisa ndeleng video ing ngisor iki

Temtokna arti tembung ing ngisor iki karo nggawe garis !

- | | |
|------------------|-----------------------------|
| 1. sarujuk : | a. garwa kapindho |
| 2. prameswari : | b. setuju |
| 3. selir : | c. garwa padmi, garwa utama |
| 4. serik : | d. omah panginepan |
| 5. tenung : | e. ora seneng |
| 6. pasangrahan : | f. santhet |
| 7. suka rena : | g. digotong, dijujul |
| 8. kaboyong : | h. papan leren |
| 9. pasangrahan : | i. seneng, suka parisuka |

Temtokno amanat saka kutipan teks ing sisih kiwa !

No	Kutipan Teks	Amanat
1.	Yen kowe bisa sabar, gelem ngupaya golek tamba, lan pasrah marang Gusti Kang Maha Kuwasa, kowe malah bakal oleh kanugrahan," ngendikane Dewi Kilisuci manteb.	
2.	Galuh Ajeng sing serik atine banjur golek dalan kanggo nyingkirake Dewi Sekartaji. Saka dhukuntunung, Galuh Ajeng oleh endhog sing wis dijampi-jampi kanggo disisipake ing dhaharane Dewi Sekartaji.	
3.	Mesanggraha ana kana, saben esuk lan sore adusa nganggo banyune sing bening! Aja pisan- pisan gawe karusakan ing kana, awit banyune sing suci bisa dadi tambane laramu lan alame sing asri bisa ngadhemake ati sing panas!" ngendikane Dewi Kilisuci sabanjure.	
4.	Suwe-suwe Grojogan Mrambat dadi rame, akeh pawongan sing padha golek tamba ing kana. Roro Kuning kanthi suka rena tansah paring tetulung marang sapadha-padha, kanthi menehi dhaharanlan suguhan marang sakabehepawongan sing mertamba.	

Kita kudu sabar lan pasrah
marang Gusti Kang Maha
Kuwasa

Aja ngrusak banyu lan alam sakiwa
tengene, amarga banyu bening lan alam
sing asri akeh manfaate kanggo kita

Becike kita kanthi suka rena gelem
paring tetulung marang sapadha-padha
sing mbutuhake pitulungan

Aja serik ati marang liyan, amarga
serik ati bisa nuwuhake niat ala marang
liyan